**Circassian National Assembly (CNA)**
**Адыгэ Лъэпкъ Хасэ (АЛъХ)**

2025 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м

**Пщlэ зыхуэтщl;**

**КIУЭКIУЭ Казбек Валерэ и къуэ**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент**

Зиусхьэн президент,

Адыгэ Лъэпкъ Хасэм (АЛъХ/CNA) и цlэкlэ пщlэшхуэ къыфхуэтщlурэ ди сэлам гуапэр фыдох.

Нидерланд Пащтыхьыгъуэм 2024 гъэм къыщызэрагъэпэща икlи япэрей Пленарнэ Зэlущlэр Истамбыл 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м щезыгъэкlуэкla CNA-р диаспорэм и Адыгэ организацэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лlыкlуэхэр зыхэт зы коалициещ. Хасэр, хамэ къэралхэм ис Адыгэхэр къэзыгъэлъэгъуэну икlи хэкум хуралэ щэнхабзэ, социальнэ пыщlэныгъэхэр гъэбыдэным ехьылlауэ псори зэхуэзыщэсыну зы гъунапкъэ гъэпсын мурадкlэ ирагъэкlуэкla зэхэупщlыхьыжхэм яужькlэ къызэрагъэпэщащ.

CNA зэкъуэт зэхэщэныгъэм и япэрэ махуэм, жэпуэгъуэм и 4-м Истамбыл шекlуэкla я 4-нэрэ Дунэйпсо Адыгэ Конференцэм; Тыркум, Голландием, Швецием, Германием, Канадэм, Америкэм, Сирием, Ярданием икlи Израилым (Къфар Къамэ) щыщ хасэ тхьамадэхэр, делегатхэр, шlэлъыплъакlуэхэр икlи хьащlэхэр хэтащ. Мы конференциехэм и япэритlур 2018, 2019 гъэхэм Германием-Нюрнберг, и ящэнэрэр 2022 гъэм Мэкъуэгъу мазэм и 24-27-м Истамбыл щекlуэкlащ.

Адыгъэ Лъэпкъ Хасэр (CNA) мы ирагъэкlуэкla конференцэхэм къыщаштауэ щыта ущыехэм япкъ иту къызэрагъэпэща "Диаспорэм Зы Дунэйпсо Адыгэ Хасэ Къыщызэгъэпэщын Мурадкlэ Лэжьакlуэ Гуп"ым дунэйпсо хабзэхэмрэ дунэйпсо цlыху хуитыныгъэ документхэмрэ ятету игъэзэщla lуэху куэдым яужькlэ Нидерланд Пащтыхьыгъуэм 28.08.2024 гъэм 94815933 номерымкlэ ягъэнэхуа Хасэ Уставым езэгъу ягъэуващ.

CNA-м федеральнэ е щlыналъэ lуэху зезыхьэ правительствэ е lуэхущlапlэхэм япэувын, янэкъуэкъун еплъыкlэ иlэкъым. И лэжьыгъэхэр зэрыщыту, зэдэлэжьэным, зэгурыlуэным, дуней псом тет Адыгэхэр егъэфlэкlуэным щlэгъэкъуэн хуэхъун бгъэдыхьэкlэкlэ игъэзэщlэнущ.

CNA-р, Адыгэ диаспорэ цlыхухэм я зэхуакум Адыгэ идентичностыр, бзэр, щlэиныр икlи хабзэр щыхъумэным зыхуэзыта щэнхабзэ икlи социальнэ платформэу лэжьэнущ. И миссиер; зыуэ щытыным тегъэгушхуэн, дуней псом тет Адыгэ зэгухьэныгъэхэм яку зэпыщlэныгъэ купщlафlэхэр дэгъэлъын икlи хэкум хуэгъэзауэ зэхущытыкlэ гъунэгъу тэмэмхэр щыгъэlэнырщ.

Ди гъэгу гъэлъагъуэ хабзэхэр, пщlэ зэхуэщlыным, щэнхабзэр зэпымыгъэуэным икlи конструктивнэ хэтыныгъэм тещlыхьащ. Ди лъэпкъым и къарур зэкъуэтыныгъэм, зэдэлэжьэныгъэм икlи зэпсэлъэныгъэм къызэрихьыр икlи хэкум пыщlэныгъэ быдэ хуиlэным, диаспорэм ис Адыгэхэм я щэнхабзэ псэукlэмрэ я къэкlуэнумрэ папщlэ мыхьэнэшхуэ зэриlэр ди фlэщlщ.

Мыбы тету, CNA-м, Урысей Федерацэм и лIыкIуэхэми Адыгэ Республикэхэм яунафэщIхэми яхуэгъэзауэ зэпсэлъэныгъэрэ зэгъусэныгъэ лъэмыжхэмрэ иухуэныр мурад ещI. И лъабжьэкIэ къэкIуэну Iуэхугъуэхэм яхьылIауэ зэгъусэу лэжьэным дыхуэхьазырщ:

- Щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмрэ ехьылIа зэхъуэжэныгъэ програмхэр,
- Адыгэбзэр хъумэнымрэ ягъэцIыхунымрэ теухуа проектхэр,
- Щэнхабзэ щIэиныр хъумэнымкIэ зэгъусэ жэрдэмхэр,
- ЩIалэгъуалэр лэжьыгъэм хэшэным тезыгъэгушхуэ лъэпкъ зегъэужь програмхэмрэ
- Адыгэ цIыхубэм сэбэп яхуэхъу экономикэ икIи социальнэ жэрдэмхэр ядэIыгъын.

ЩIыхь зыхуэтщI Iэтащхьэм дыхуэзэу, дызэрызэдэлэжьэфыну гъуэгухэм датепсэлъыхьу ди гупсысэхэр нэхъ кууэ къэтIуэтэфмэ хуабжьу ди гуапэ хъунущ. Дызэгъусэу икIи купщIафIэу зы диалог диIэфын папщIэ дызэхуэзэфын Iэмал къыдэфтыфыным дыщогугъу икIи псынщIэ дыдэу къыдэфтыжыну фи жэуапым дыпоплъэ.

Ди зэдэлэжьэныгъэм, Адыгэ диаспорэмрэ хэкумрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри зэригъэбыдэнур, зэгурыIуэу, пщIэ зэхуащIу икIи псоми я зэхуэдэ ефIэкIуэныгъэм тету Адыгэ лъэпкъымрэ Урыс лъэпкъымрэ яку нэхъ зэхущытыкIэ узыншэхэр къыдэхъухьыным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIынур ди фэщIщ.

ЩIыхь зыхуэтщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъусэу зым-зым худиIэну зэхущытыкIэ тэмэмым тещIыхьауэ дызэгъусэу дыухуэну зэдэлэжьыныгъэм дызэрыхуейр къабылу дыIыфх.

ФIыщIэшхуэ, пщIэшхуэ къыфхудощI.

**Дохутыр Нусрет БАШ**
**CNA-м и Президент**